



Nouvo Koperativ Ki Pa Chè Pou Vann nan East Harlem, nan Manhattan

Se ak anpil plezi Leprie Manor HDFC ap anonse n ap aksepte aplikasyon kounye a pou 4 inite koperativ renove HDCF nan **46-48 East 129th Street New York, NY 10035 East Harlem**

Ekipman: Bilding ki fenk renove, nouvo kizin ki ekipe ak aparèy kip a gaspiye enèji, machin a lave ak seche nan inite a. Propriyete a pa gen yon egzansyon taks Atik XI pou 40 tan.

Transpò: Tren: 2, 3, 4, 5, ak 6 ak Metro North; Otobis: M1, M100, M101, M60-SBS, Bx15

Pa Gen Frè Aplikasyon • Pa Gen Frè Koutye • Pwopriyete a Dwe Abite Ladan • Plis Enfòmasyon: www.HCCI.org/east-129th-street-hdfc

Yo konstwi bilding sa a grasa Pwogram Koperatif Vwazinay Bon Mache (Affordable Neighborhood Cooperative Program, ANCP) nan Kòporasyon Delvopman Lojman Vil New York la (New York City Housing Development Corporation)

Kimoun ki Ta Dwe Aplike? Moun oswa fanmi ki satisfè kondisyon revni oswa kondisyon kantite moun ki nan kay ki endike nan tablo anba la a ka aplike. Moun ki aplike ki kalifye ap gen obligasyon pou satisfè kritè seleksyon yo. Moun ki aplike k ap viv nan Vil New York ap resevwa yon preferans jeneral.

Achte ki kalifye yo dwe gen 3% pri acha a disponib kòm yon premye peman.

Tanpri note pri lavant yo pwopoze yo, revni maksimòm kay la, ekipman yo, elatriye, se jis estimasyon epi yo kapab chanje.

CHAK ACHTÈ DWE RETE NAN APATMAN KOPERATIV LA KÒM REZIDANS PRENSIPAL LI. NENPÒT MOUN KI VLE ACHTE KI DEJA GENYEN OSWA TE ACHTE YON PWOPRIYETE REZIDANSYÈL DEJA P AP KALIFYE.

Piba a se yon estimasyon pri lavant, gwochè inite yo, ak kondisyon revni yo:

Chanm a kouche	110% INITE REVNI MWAYÈN ZÒN LAN (AMI)	Inite ki Disponib	Kanite Moun nan Kay la*	Total Revni Anyèl* Limit Minimòm—Maksimòm**	Limit Byen*** (\$182,525 + obligatwa pou depo garanti)	Antretyen Chak Mwa	Pri Estime Pri Lavant Sibvansyon****
3 chanm a kouche		4	3 moun	\$69,174 - \$103,290	\$185,777	\$1,855	\$108,381
			4 moun	\$69,174 - \$114,730			
			5 moun	\$69,174 - \$123,970			
			6 moun	\$69,174 - \$133,100			

* Dwe respekte obligasyon pou rete lakay la

** Limit sou revni yo ka chanje; yon pi gwo depo ka pèmèt revni minimòm ki pi ba.

*** Limit sou byen yo ka chanje

**** Pri chak mwa gen aldan Antretyen, Manman Lajan ak Enterè Ipotèk la, Taks, ak Asirans. Yon pi gwo depo ka pèmèt depans chak mwa ki pi ba.

***** Estimasyon sou pri lavant ak sibvansyon ka reflekte pri nèt la epi li baze sou kalifikasyon moun k ap bache a pou yon sibvansyon.

Kijan pou Ou Aplike?

TELECHAJE SOU ENTÈNÈT: www.HCCI.org/east-129th-street-hdfc

Pou mande yon aplikasyon pa lapòs, **voye yon kat postal oswa anvlòp ki tou gen adrès pou voye li tounen an nan: HCCI-HDFC, 256 West 153rd Street, New York, NY 10039.** Voye yon sèl aplikasyon pou chak konplèks rezidansyèl (development). Pa soumèt aplikasyon doub. Aplikan ki voye plis pase yon sèl aplikasyon kapab vin pa kalifye.

Nou sipoze soumèt aplikasyon nou fin ranpli yo sèlman pa kourye nòmal (nou p ap aksepte si ou voye nan kourye lapòs ki priyorite, sètifye, anrejistre, eksprès, gwo anvlòp, oswa pou demen) bay yon nimewo bwat postal k ap sou aplikasyon an.

Ap gen seyans enfòmasyon nan dat: 15 janvye 2019 a 6:30-8:00pm nan Victory One nan 1468 5th Avenue, New York, NY 10035 Seminar

Ou pa oblije ale nan seyans la pou achte yon inite koperativ.

Kilè Dat Limit lan?

Dat ki sipoze sou tenb anvlòp ou voye aplikasyon an se **30 janvye 2019.**

Kisa K ap Pase Apre Ou Soumèt yon Aplikasyon?

Apre dat limit lan pase, n ap chwazi aplikasyon nou pral analize yo dapre yon pwosesis tiraj-osò.

Si nou chwazi aplikasyon ou epi si ou sanble kalifye, n ap envite ou nan yon entèvyou pou nou kontinye pwosesis pou detèmine si ou kalifye. Anjeneral, nou pwograme entèvyou yo ant 2 ak 10 mwa apre dat limit aplikasyon an. N ap mande ou pou pote dokiman ki verifiye kantite moun k ap viv lakay ou, idantite moun k ap viv lakay ou, ak revni moun lakay ou.

TOUT KONDISYON YO DISPONIB NAN YON ÒF KI DISPONIB NAN MEN ESPONSÈ A. DOSYE NO. C17-00006. Piblisite sa a pa yon òf. Li se yon solisasyon denterè (envitasyon pou evalye kimoun ki ta enterese) konsènan pwopriyete ki sou piblisite a. Nou pa ka ofri okenn nan inite yo oswa aksepte okenn premye peman, oswa rezèvasyon, swa ak kontra oswa san kontra, avan nou depoze yon plan òf opèrè Depatman Lwa Eta New York pou yon aplikan ki kalifye. Esponsò : **HCCI-HDFC, 256 West 153rd Street, New York, NY 10039.**

Gouvènè Andrew Cuomo • Majistra Bill de Blasio • Manm Komisyon HPD Maria Torres-Springer • Prezidan/PDG HCR RuthAnne Visnauskas

